

**РАЙГУРÆН БÆСТÆ ÆЙ ÆВЕДУЙГÆ, ÆНОСОН ДЕССАГ, ÆРДЗИ ÆМА ИСТОРИЙ ИСКОНД ДЕССАГ!..**

*Жюль МИШЛЕ (1798-1874), французаг историк: «Ке уи бафанддзæнæй, æ фурт устурзæрдæ уа фидтæлти уæззæгбæл, нæдæр æ райгурæн бæстæ зона, нæдæр Хуцауи? Нæ сабийти медæги æрцардæнцæ нæ фидтæлти уодтæ; сабийти медæгæ æнцæ нæ евгъуд дзамантæ дæр æма нæ Райгурæн бæсти исон дæр... Айдагъдæр Райгурæн бæстæ æй адæми ервæзунгæнæг...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№26 (898) 2023 анзи 15 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## ЗÆРДТАГОН ХЪУЫДЫТÆ



**ХЪАРИАТЫ Фатимæ,**
Цæгат Ирыстоны культурæйы сгуыхт кусæг, Беслæны центрон библиотекæйы специалист.

## ЛÆГДЗИНАД ХЪОМЫСДЖЫН ХЪУЫДДÆГТÆЙ РАБÆРÆГ ВÆЙЙЫ

Нæ республикæйы цыдæриддæр газеттæ æмæ журналтæ уагъд цæуы, уыдон се 'ппæт дæр мах нæ хæдзармæ исæм. Æмæ дзы алкæй тыххæй дæр мæ бон у зæгъын бæлвырд хъуыдытæ. Фæлæ абон мæ ныхас у газет «Дигорæ»-йы тыххæй. Цæмæн – уый тыххæй та бæлвырддæрæй зæгъдзынæн мæ раныхасы кæронбæттæны.

Ныр та уый зæгъын, æма нæ газетты 'хсæн цы йæ уындæй, цы йæ мидисæй, зæрдæ æппæтæй тынгдæр барухс вæййы газет «Дигорæ»-йæ. Куы йæ райсын, уæд тынг зæрдиагæй бацин кæнын, суанг йæ фиццаг фарс куыд фæлгонцгонд вæййы, ууыл. Тынг дисы мæ бафтауы, цы рагон къамтæ, цы аллыхузон нывгæнджыты æнахуыр нывтæй йæ сфæлгонц кæнынц, уыдон редакцийы кусджытæ, фыццаджыдæр та, æвæццæгæн, йæ сæйраг редактор Сакъиты Эльбрус кæм ссарынц, ууыл. Цæст сæм кæсынæй нæ фефсæды. Газеты иннæ фæрстæ куы рафæлдахай, уæд дзы сæмбæлдзынæ, нæ иннæ газеттæй чи ферох, ахæм фарстатыл фыст æрмæджытыл.

3





Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар ДЗАНАЙТИ Барис (рахесæрдигæй) æма нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитети разамонæг ФИДАРАТИ Юрий зонгæ кæнунцæ, форуми рæстæг ци равдиститæ арæзт æрцудæй, уони хæццæ.

## ДЗУРД Æ РАУÆНИ КУ УА, УÆД ФАРНÆ ХÆССУЙ!..

Нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлой хъæппæресæй æрæги Дзæуæгигъæуи рацудæй Æхсæнадæмон медиафорум «PRO Кавказ». Аци мадзал арæзт æрцудæй дуккаг хатт. Æма аци анз æ архайгути фæзуат зингæ фæуурухдæр æй – Цæгат Кавкази федералон зилди минæвæрттæй уæлдай Дзæуæгигъæумæ исаккаг кодтонцæ Мæскуй, Идард Хорискæсæн æма æндæр уæрæсейаг регионти, Белоруссий, Сомехи, Хонсар Иристони делегацитæ дæр. Архайдтонцæ си нæ республики разамунд, Цæгат-Кавказаг федералон зилди Уæрæсей Федераций Президенти Минæвайради бæрнон косгутæ…

Дууæ боней дæргъи (12-13 июли) форуми архайгутæ – Цæгат Кавкази федералон зилди журналисттæ, блогертæ, киунугæуадзгутæ, паддзахадон æма æнæкоммерцион структурити бæрнон косгутæ, экспертон æхсæнади, уæдта ма Белоруссий æма Сомехи медиакъабæзти минæвæрттæ – æрдзубанди кодтонцæ профессион дæсниади фарстатæбæл, делегацити иуонгтæ зонгæ кодтонцæ кæрæдзей фæлтæрддзийнади хæццæ, дзурдтонцæ еумæйаг информацион проекттæбæл.

Аци мадзали фæдбæл бæлвурддæр æрмæгутæ мухур кæндзинан нæ газети хæстæгдæр номерти.

## НÆ УОДВАРНИ ДУЙНЕ



## АДÆМÆН ХУÆЗДÆРОН ГЪУДДАГ АРФИАГ ÆЙ!..

Нуртæккæ нæмæ нæ базаргæнæн коснæдæнтти ци берæ аллихузон хуæлцæ уæйæгонд цæуй, уони æмварс ес фæуууинæн, «халяль», зæгъгæ, финст кæбæл ес, хуайраги уæхæн продукттæ дæр. Нæ республики цæргутæн хуарз зундгонд æнцæ еци продукттæ, æнвæрсунцæ сæбæл æма сæ зæрдиагæй ælхæнунцæ. Уомæн æма 'й зонунцæ, уони хуæрзгъæдæдзийнадæмæ паддзахадон сæрмагонд оргæнтæй уæлдай ма хъæбæр лæмбунæг еудадзугон цæстдард цæуй пусулмон дини æхсæнади разамунди 'рдигæй дæр. Уой фæдбæл æй абони нæ дзубанди нæ республики муфтий Гуæцæлти Хаджиморати хæццæ. Æрмæг кæсетæ 4-аг фарсбæл.

## НОМАРÆН



## «УÆ, МÆ ЗÆРДÆ, ЗЫНТÆ ФИДÆГ...»

Афтæ фыста е 'мдзæвгæтæй иуы нæ номдзыд поэт Токаты Алихан.

Уæдæ Алиханæн йæхи тыххæй йæ фæдон, нæ иннæ номдзыд поэт Хъодзаты Æхсар цы быиндурон уац ныффыста, уым афтæ бахах кодта: «Авд æмæ ссæдзаздзыдæй басыгъди ног царды сæрыл тохы, басыгъди Поэзийы цырен арты. Революци æмæ Поэзи уыдысты йæ «адджын марг», йæ «царды хос», йæ «алыхуызон мæсыгæй» цы мæйтæ, хуртæ зыны, уыдон…»

Абон Токаты Инусы фырт Алиханы рухс ном уымæ гæсгæ мысæм, æмæ июны йæ райгуырдыл сæххæст сæдæ æртын азы (1893-1920). Æма уый фæдыл мыхуыр кæнæм Хъодзаты Æхсары фыст уац (6-7-аг фæрстыл).

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

*КОНФУЦИЙ, рагонкитайаг дзурддзæугæ лæг: «Рæстудти ку цитгин кæнай æма сæ æдзæсгæнттæй уæлдæр ку æвæрай, уæд адæм дæ коммæ кæсдзæнæнцæ. Æдзæсгæнтти рæстудтæй уæлдæр ку æвæрай, уæд адæм дæ коммæ нæ кæсдзæнæнцæ...» Аци загъд нæ карни гъуддæгутæ аразгутæ сæхецæн зундамонæнæн бæргæ ку райсиуонцæ, уæд цæйбæрцæбæл æнтæстгиндæрæй арæзианæ на абони цардиуаги гъуддæгутæ æма цæйбæрцæбæл хуæздæр уиуонцæ нæ уавæртæ...*

## АХУРАДÆ



Аци бæнтти, Цæгат Иристони цæунцæ астæуккаг профессион ахуради косæндæнтти гъомбæлгæнуйнæгти дзиллон еристæ. Ка си фæууæлахез уа, етæ ба архайдзæнæнцæ профессион дæсниади Еугуруæрæсеуон чемпионати. Ке кой кæнæн, еци eристæ ба цæунцæ Æрæдони колледжи, æма си Цæгат Иристони минæвæрттæй уæлдай ма арахайунцæ 52 уæрæсейаг регионей командитæ. Чемпионат исаразгутæ Цæгат Иристони иуазгутæн бацæттæ кодтонцæ цæмæдесаг бæстæзонæн-культурон, хеерхæфсæн программæ дæр. Астæуккаг профессион ахуради къабази ка косуй, еци эксперттæ зæрдрохсæй фæббæрæг кодтонцæ, анзæй-анзмæ аци еугуруæрæсеуон еристи архайгути нимæдзæ фулдæр ке кæнуй, уой.

## ФÆСЕВÆДБÆЛ АУОДУНДЗИЙНАДÆ




Сахар Пятигорски 12-26 августи æ куст кæндзæнæй аллианзон еугуруæрæсеуон форум «Машук». Нерæнгæ бал куст цæуй, форуми архайунвæндæ ка искодта, еци фæсевæди курдиæттæмæ æркæсуни фæдбæл. Куд нисангонд цæуй, уотемæй си уодзæнæй 2200 бунати. Æма регистрацион æмгъуд ку рахецæн æй, уæд куд исбæрæг æй, уотемæй форуми архайын фæндуй алли регионтæй аст мин лæхъуæни æма кизгемæй фулдæрей. Нур сæрмагонд къамис гъæуама равзара цæмæдесагдæр æхсæнадон хъæппæрестæ æма инновацион проекттæ ка бавдиста, еци фæсевæди. Рагацау бæлвурдгонд куд æрцудæй, уотемæй аци анзи форуми сæйрагдæр темæ исуодзæнæй ахургæнæги æма зундамонæги Анз.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



Фадæнгæй (корь) ци сувæллæнттæ фæссæйгæ 'нцæ, уони уавæр нæ республики æнæнездзийнади министр Тебиати Сослани загъдмæ гæсгæ, зæрдæдзоргæ нæй. Аци анз ке бахъор кодта, еци кæстæртæ æртемæй нуртæккæ æнцæ сувæллæнтти республикон клиникон сæйгæдони специалистти бæрни. Дохтиртæ син кæнунцæ еугур гъæугæ процедуритæ дæр. Министри загъдмæ гæсгæ республики медицинон косæндæнтти нуртæккæ фагæ ес фадæнги нихмæ гъæугæ вакцинæ. Хæстæгдæр рæстæг республикæмæ исласдзæнæнцæ амунд вакцини уæлæнхасæн бæрцитæ дæр. Зундгонд куд æй, уотемæй анзи райдайæнæй нуриуæнгæ Цæгат Иристони регистрацигонд æрцудæй фадæнгæй сæйгæ 31 адæймаги (уонæй 22 адтæнцæ сувæллæнттæ).

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Зундгонд куд æй, уотемæй Дзæуæгигъæуи берæфатерон цæрæн хæдзæртти бундорон цалцæги фæдбæл республикон программи фæлгæти 2025 анзи уæнгæ гъæуама æййивд æрцæуонцæ 210 лифти. Профилон ведомствити минæвærтти игъосункæнуйнагмæ гæсгæ, нерæнгæ бал æвæрд æрцудæнцæ 44 лифти. Анзи кæронмæ ма уонæбæл бафтуйдзæнæй никкидæр 50 лифти.

* * *

**Нæ республики туристон инфраструктури райрæзти нисантæмæ гæсгæ, зæгъæн, Дзæуæгигъæуи ци нæуæг туристон объекттæ арæзт æрцæудзæнæй, уонæй еу уодзæнæй нуриккон санаторон-курортон комплекс. Хуæнхаг районти ба – Дæргъæвси интерактивон музей фæндаггон инфраструктури объектти хæццæ, Фæснæли фæлладуадзæн центр æма фусунуат, Мидæгрæбини æхсæрдзæнтæмæ хæстæг туристон кемпинг æма уотæ идарддæр.**

* * *

Республики финансти министри ихæстæ æнхæстгæнæг Исахъти Олеги дзубандимæ гæсгæ паддзахадон æлхæнуйнæгтæ кæнуни куст ахедгæдæр кæнун агъаз æй системи автоматизацигонд центри архайд. Уой специалистти фæрци, зæгъæн, айдагъ июни федаргонд æрцудæй 64 бадзурди, сæ аргъ – 12,4 миллион соми. Уой хæццæ ба ма, нæуæг центри равналæнтæй пайда кæнгæй, фæстауæрцæгонд æрцудæнцæ паддзахадон фæрæзнити 956 мин соми.

* * *

**Цæгат Иристони арæзт æрцудæй дони объектти номхигъд. Нерæнгæ бал куд бæлвурдгонд æрцудæй, уотемæй нæ республики ес 398 дони уæлæнгай объектти. Аци анз ма идарддæр цæудзæнæй уони рауæнтæ æма билгæрон арæнтæ, уæдта сæ гъæуай кæнуни фæдбæл мадзæлттæ фæббæрæг кæнуни фæдбæл куст.**

* * *

Ирæфи районi хуæдтолгитæй цæунæн нæдтæ фæннæуæгдæр кæнуни туххæй куститæн дехгонд цæуй 47,5 миллион соми. Зæгъун гъæуй уой, æма, бунæттон ахедундзийнадæ кæмæн ес, еци нæдтæй нерæнгæ бал цалцæггонд æрцудæй 9,9 километри.

## СОЦИАЛОН-ЭКОНОМИКОН КЪАБÆЗТИ РАЙАРАЗУЙНАГ ФАРСТАТÆ



**Уæрæсей Федераций Президенти æнхæстбаргин минæвар Цæгат-Кавказы федералон зилди Юрий ЧАЙКА æма Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æзинæ, 14 июли бабæрæг кодтонцæ, гъæуайкæнуйнадон-промышленнон комплекси кустуæттæй нæ республики ка ес, уони. Сæ архайди уавæртæ исбæлвурд кæнгæй, уой фæсте сæрмагондæй исарæзт æмбурди æрдзубанди кодтонцæ сæ идарддæри райрæзти фарстати фæдбæл.**

# КУСТÆН УОТИД Æ УИНДÆ МА ÆВДЕСÆ, ФАЛ – Æ ГЪÆДÆ!..

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** разамундæй рацудæй нæ республики Хецауади иуонгти æма муниципалитетти разамонгути еумæйаг алликъуæреуон æмбурд. Уоми Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Томайти Ирбег** куд фегъосун кодта, уотемæй уой размæ къуæрей дæргъи республики æнæнгъæлæги цаутæ не 'рцудæй. Фал уæддæр синоптикти рагацау бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, нерæнгæ ма тæссаг æй республики хецæн районти тухгин уарунтæ æма ехуарунтæ æрцæуæнæй. Уомæ гæсгæ ба аллихузон æнæнгъæлæги цаутæ ма 'руадзун æма æрдзон фидбилизти фæстеугутæ еуварс кæнуни паддзахадон системи дæлхайæдтæ косунцæ арæзунцæ уæлдай цæттæдзийнади фæтки бундорбæл.

Аци æмбурди нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослан** æ радзубандий куд фегъосун кодта, уотемæй республики стационарти нуртæккæ аллихузон незтæй сæхе дзæбæх кæнунцæ 3 741 сæйги. Фæстаг рæстæг ахедгæдæр кæнуй цæугæ медицинон комплексти архайд. Зæгъæн, 2023 анзи райдайæнæй нуриуæнгæ етæ сæрмагонд графиктæмæ гæсгæ сæ куст кæнунцæ республики муниципалитетти. Анзи фиццаг æмбеси дæргъи еци комплексти специалистти лæггæдтæй испайда кодтонцæ 18 мин адæймагемæй фулдæр. Тагъд медицинон агъази станций кусти тухххæй дзоргæй, Тебиай-фурт куд загъта, уотемæй станци дæлхайæдти косунгъон æнцæ 65 бригади.

Республики разамонæг æ радзубандий ма сæрмагондæй баханхæ кодта, бунæттон товаруадзгутæн паддзахадæ уæлæнхасæн агъази мадзæлттæ ке аразуй, уой. Уой фæдбæл дзоргæй загъта:

– Куд рабæрæг æй, уотемæй амалгъонтæ æма товаруадзгутæн сæ еу хай уæхæн паддзахадон агъази мадзæлтти фæткæ зонгæ дæр нæ фæккæнунцæ. Æма, ке зæгъун æй гъæуй, пайда дæр си не 'скæнунцæ. Уомæ гæсгæ ба уотæ бакæнун гъæуй, цæмæй алли товаруадзæг дæр лæмбунæг зона, паддзахадæ ин циуавæр уæлæнхасæн агъазæй зæрдæй æвæруй, уой. .

Республики Хецауади Сæрдари фиццаг хуæдæййевæг **Æгъузарти Мурати** радзубанди ба адтæй, хаццони ци республикон зæнхитæ ес, уонæн арендон федонтæ куд æмбурдгонд цæунцæ, уой фæдбæл. Нуртæккæ республики еугур районти дæр арендон феддонтæ афойнадæбæл æмбурдгонд цæунцæ. Фал, 2019-2023 æнзти зæнхити кадастрон аргъ еуцæйбæрцæдæр ке фæмминкъийдæр æй, уомæ гæсгæ амунд æнзти республики бюджетмæ нæбал æрбафтудæй 260 миллион сомей бæрцæ.

Нæ рагфидæлтæй байзадæй ауæхæн загъд: «Кустæн æ уиндæ ма æвдесæ, фал – æ гъæдæ!..» Уой уомæ гæсгæ раймистан, æма хе æстауæн дзубандитæ неци пайда ес, ахедгæ уа ни алке куст дæр.

## ÆМГУСТАДÆ




### ЦÆГАТ ИРИСТОНИ АГЪАЗ ЧЕРНИГОВÆН

Зундгонд куд æй, уотемæй æрæги Цæгат Иристон æма Запорожьей облæсти 'хсæн ци бадзурд федаргонд æрцудæй, уомæ гæсгæ нæ республикæ æ армæ дардзæнæй облæсти Чернигови районы социалон-экономикон уавæр бахузæнон кæнунбæл.

Уæрæсейаг нæуæг регионы муниципалон районтæй еуебæл Цæгат Иристон æмцегадæ куд кæндзæнæй, Чернигови цæргутæн куд агъаз кæндзæнæй, еци архайди фæткæ аразуй сæрмагонд оперативон штаб. Нерæнгæ еци штабæн Дзæуæгигъæуи адтæй цалдæр æмбурди.

Штаби иуонгтæ куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй Цæгат Иристон нерæнгæ райдæдта æнхæст кæнун Чернигови районæн агъази аллихузон мадзæлттæ. Зæгъæн, районмæ æрвист æрцудæй донласæн хуæдтолгæ, районы организацитæн ба балхæдтонцæ сахъат адæмæн гъæугæ ефтонггæрзтæ… Уомæй уæлдай, Черниговки поселоки Иристони минæвæрттæ идарддæр æнхæст кæнунцæ бунæттон аргъауæни цалцæг. Нерæнгæ запорожьейаг сувæллæнтти цалдæр къуари сæ фæллад исуагътонцæ цæгатиристойнаг лагертæ æма дзæбæхгæнæн центрти. Абони уæнгæ бал нæ республикæ исиуазæг кодта 120 сувæллони. Сæрди кæронмæ ба еци нимæдзæ 750 адæймагемæй фæффулдæр уодзæнæй. Чернигови районы хестæр кари минæвæрттæ ба нуртæккæ се 'нæнездзийнадæ федардæр кæнунцæ Дзæуæгигъæуи геронтологон центри…

Нуртæккæ фарста æвæрд цæуй, цæмæй сæйрагдæр æргом æздæхт æрцæуа Чернигови районы социалон косæндæнтти уавæрмæ. Зæгъæн, хæстæгдæр пълантæмæ бахастонцæ районы æртæ скъолай æма еу рæвдауæндони цалцæг. Уомæй уæлдай, Черниговки райаразддзæнæнцæ донуадзæн-канализацион хæтæлтæ.

**Авдисæри, 17 июли бæрæггонд цæудзæнæнцæ: этнографии Бон, Уæрæсей Тугъдон-Денгизон Флоти, денгизон флоти бундорæвæрди Бон, ниффедаргонд æгъдæутти Бон æма берæ æндæр бæрæгбæнттæ.**

*Рабиндранат ТАГОР (1861-1941), Индий номдзуд лæг: «Кæцифæнди наци дæр гъæуама æ зунди цирагъ ниххуссун ма уадза – цæмæй иннæ нацити хæццæ еумæ рохс кæна дуйне. Æ цирагъ кæмæн расæттуй, еци адæмæн дуйнеуон бæрæгбони бунат нæбал фæууй. Æнамонд æнцæ, цирагъ кæмæ нæйјес, еци адæм, фал мин хатти æнамонддæр æнцæ, рохс кæмæ адтæй, фал æй кæмæн байстонцæ, кенæ ба 'й æвæгæсæгæй ка ниууагъта, еци адæм...»*





# ЛÆГДЗИНАД ХЪОМЫСДЖЫН ХЪУЫДДÆГТÆЙ РАБÆРÆГ ВÆЙЙЫ

1

Мæнмæ гæсгæ газеты коллективæн уæлдай арфæ кæнын хъæуы, Ирыстонæн кæддæры азты бирæ хæрзты чи бацыд, уыцы кады аккаг адæймæгты рухс нæмттæ æмæ арфиаг хъуыддæгтæ нын рох кæнын кæй нæ уадзы, уый тыххæй. Æппæт уыдæттæ æнæмæнг зонын хъæуы не 'ппæты дæр, уæлдайдæр та кæстæрты, цæмæй сын уой дæнцæн, фæзмой сæ рæстзæрдæй сæ хъысмæт аразыны хъуыддаджы, уыдоны хуызæн æнувыд уой нæ райгуырæн Ирыстоныл, нæ Фыдыбæстæйыл, цæттæ уой сæ сæрвæлтау хъазуатонæй балæггад кæнынмæ.

Уæлдай æхсызгон та уый у, æма газет тынг æнувыдæй архайы нæ адæмы удварны хæзнатæ бахъахъхъæныныл – цæмæй æнустæмæ цæрæццаг уой, цæмæй нæ рæзгæ фæлтæртæн уой хион æмæ зæрдтагон. Уый фæдыл бирæ ахсджиаг æрмæджытæ мыхуыргонд цæуы газеты фæрстыл. Æвдисæнæн дзы æрхæсдзынæн æрмæстдæр уый, æмæ дзы æрæджы бакастæн зындгонд поэт Багъæраты Созыры цард æмæ сфæлдыстады тыххæй æрмæджытæ. Мæ зæрдæмæ тынг фæцыд Скъодтаты Эльбрусы уац. Автор тынг зæрдæмæхъаргæ фыст ныккодта Созыры цард æмæ сфæлдыстадыл. Бирæ цымыдисаг хабæрттæ дзы базыдтон.

Йæ цæрæнбон бирæ уæд нæ зындгонд фыссæгæн, æгайтма нæ газеткæсджытæн ахæм бирæвæрсыг æрмæг сæ размæ рахаста.

Созыры тыххæй мæхæдæг дæр бирæ зонын . Мæ мадыл цыдис нæуæдз æхсæз азы, æртæ азы размæ йæ уæлзæнхон цардæй ахицæн. Йæ рæстæджы, Хуымæллæджы скъолайы куы ахуыр кодта, уæд уым дыгурон æвзаг дæр ахуыр кодтой. Созыры æмдзæвгæтæй тынг бирæ зыдта æмæ мын сæ иу арæх касти. Ам, Беслæныхъæуы, не 'мкъул бирæ азты фæцардис Созыры чызджытæй иу – Симæ, Дулаты чындз. Нæ сыхæгтæ йын стыр аргъ кодтой. Уыдис тынг уæздан, аив, куырыхон адæймаг. Уый-иу арæх дзырдта йæ курдиатджын фыды хабæрттæ. Симæйæн йæ мад, Созыры бинойнаг дæр-иу ам йæ чызгмæ уыдис, мах æй бирæ уарзтам, уæздан, хæрзаив сылгоймаг. Тынг арæх-иу хъæрæй куыдта... Æз Симæйы бафарстон, цæмæн афтæ кæны, зæгъгæ, æмæ мын радзырдта: къамтæм, дам, фæкæсы, æмæ йæ зæрдыл æрлæууынц, цæгатæй дæр ын кæй ничиуал ис, стæй йæ сæрыхицауы фыдæбæттæ, йæ тыхст æмæ мæгуыр царды хабæрттæ. Æмæ уæд афтæ фæкæуы.

Симæимæ, куыд сыхæгтæ, афтæ цардыстæм хæларæй. Хъуыды ма йæ кæнын, кæддæр йемæ Чырыстоныхъæумæ дæр ацыдыстæм, æмæ Созыры ингæнмæ базылдыстæм. Иухатт ма йæ зæгъын, газет «Дигорæ»-йы редакци тынг хорз бакодта, Багъæраты Созыры афтæ лæмбынæгæй кæй æрымысыдысты, уымæй.

Цымыдисаг æрмæджытæ ацы газеты фæрстыл бирæ вæййы. Мæ зæрдæмæ тынг цæуы, æцæгæй кады аккаг адæймæгты тыххæй дзы бæстон æмæ аив æрмæг, суанг газеты цалдæр фарсыл куы вæййы, уый дæр.

Иу рæстæджы газеты бакастæн æрмæг зындгонд нывгæнæг Тугъанты Махарбеджы тыххæй æмæ йын йе 'сфæлдыстад хуыздæр базонон, зæгъгæ, суанг Дур-Дурмæ дæр ма мæ цардæмбалимæ ацыдыстæм йæ музей фенынмæ. Æцæг, уыцы бон æхгæд разынд, фæлæ йæ иу бон æнæ бабæрæг кæнгæ нæй.

Æрæджы бакастæн нæ курдиатджын фыссæг Будайты Милусяйы чиныг «Уыды суадон». Мæ хъуыдытæ ацы чиныджы тыххæй ныффыстон газеттæ «Рæстдзинад» æма «Дигорæ»-мæ, тынг мæ фæндыди, ме 'рмæг фыссæджы чиныджы презентацийы бонмæ куы рацыдаид, уый.

Мæ фæнд сæххæст ис Эльбрусы зæрдиаг узæлды руаджы. Ахæм диссаджы хорз æй бацæттæ кодта, сфæлгонц æй кодта фыссæгæн йæхи æмæ чиныджы къамтæй, æрмæг чи ныффыста, уый къамæй дæр, суанг ма чиныджы цы радзыртæ ис, уыдонæй ист скъуыддзæгтæй дæр. Æппæтæй диссагдæр æмæ æхсызгондæр та мын уыд, æмæ афонадыл мыхуыргонд кæй æрцыд, уый.

Ацы хабары кой уымæ гæсгæ кæнын, æма хорзæн бафæзминаг у иннæ газетты редакцитæн дæр.

Стæй мын æхсызгон уыди уый дæр, æмæ адæмы зæрдæмæ тынг фæцыдис ме 'рмæг. Милуся йæхæдæг, нæ национ культурæйы номдзыд архайджытæ Кокайты Тотрадз, Дзбойты Мишæ, Езеты Марклен, стæй ма бирæтæ мын зæрдиаг арфætæ фæкодтой.

Æз та стыр арфæ кæнын, бирæ аргъ кæмæн кæнын, уыцы газеты редакцийы коллективæн, уæлдайдæр та йæ разамонæг Сакъиты Эльбрусæн. Æз æй нымайын курдиадджындæр журналист æмæ редакторыл. Уымæн æвдисæн у уый дæр, æмæ редакцийы коллектив, цыма иу бинонтæ сты, афтæ кæрæдзийы æмбарынц, æмвæндæмзондæй архайынц сæ куысты хъуыддæгты.

Мæ цæст сын уарзы æнæниздзинад, ног сфæлдыстадон уæлахизтæ.

Ныр та мæ ныхасы кæронбæттæны зæгъинаг дæн уый, æма абон сæрмагондæй цæмæн дзурын газет «Дигорæ»-йы. Фыццаджыдæр зæгъинаг дæн: Хуыцауы зæрдæйы нын уыди хорз ракæнын æмæ нын балæвар кодта газет «Дигорæ». Уыйимæ та нын, æвæццæгæн, бафæдзæхста: «Мæнæ уын, рагæйæрæгмæ кæмæ бæллыдыстут, мæ уыцы лæвар, æрмæст бацархайут йæ бахъахъхъæныныл, разынæд уæм, йæ хъысмæт амондджын, йæ сомбон та куыд рауайа, уый тыххæй лæгдзинад!..» Хуыцауы лæвар нæ дзыллæ йæ рæстæджы бæргæ æхсызгонæй райстой, фæлæ йæ лæварыл аудыны фæдзæхст сæххæст кæныны тыххæй та ныронг уадиссагæй ницы ма сарæзтой. Æндæр уый куыд у, æма ахæм диссаджы газетæн йæ тираж, зæгъынæн дæр æфсæрмиаг чи у, ахæм гыццыл рауайы – хæдбарæй йæ чи рафыссы, уыдоны бæрц свæййы... 250-300 адæймаджы. Æма тираж цæмæй иуцасдæр фæхуызæнондæр уа, уый тыххæй редакцийы кусджыты бахъæуы мæгуыргурæгау зилын, уæддæр сын чи феххуыс кæна, уыдоныл. Уый худинаджы хабар нæу?!. Æмæ æз абон афтæ зæгъын: йæхи дыгурон чи хоны æма йæ мадæлон æвзаг зынаргъ кæмæн у, уыдон хъуамæ æнæмæнгæй газет «Дигорæ» алы аз дæр фыссой. Стæй æрмæст дыгурæттæ нæ – газеты фæрстыл иудадзыгдæр мыхуыргонд цæуынц æрмæджытæ ирон æвзагыл дæр, æмæ йæ уæд ирæттæ дæр цæуылнæ хъуамæ рафыссой!..

Нæ фыдæлтæ афтæ-иу дзырдтой: «Лæгдзинад хъомысджын хъуыддæгтæй рабæрæг вæййы!..» Цæй æма мах дæр нæ лæгдзинад бавдисæм æмæ саразæм нæ адæмæн фарнхæссæг хъомысджын хъуыддæгтæй иу: дзыллонæй рафыссæм æмæ кæсæм газет «Дигорæ». Мæхи тыххæй та афтæ зæгъын, æмæ: мах хæдзарвæндаг Сакъиты Эльбрус разамынд цы газет «Дигорæ»-йæн дæтты, ууыл нæ зæрдæ никуы сивдзыстæм.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



Курттати коми Бардзигъæуи цæрæг Джелитæ сæ фидæн, дан, искодтонцæ æрæгвæззæги хист. Адтæй си æвгæрст дууæ стори, дæс фуси, бæгæни дууæ дугъосуги, арахъ берæ. Ком æнæгъæнæй æрæмбурд æнцæ хистмæ, сæ бадт радаргъ æй.

Уæди рæстæги уотæ уидæ, æма бадæг адæми фингитæй æскъæфиуонцæ хисти хæйттæ. Æма еу къуар лæхъуæни байстонцæ сæхе хестæрти размæ, сæ фингæй син раскъафтонцæ гали сæр æма бæрзæй. Сæ фæдбæл ма бæргæ фæффæдес æнцæ, фал сæ нæбал раййафтонцæ. Хестæртæ исхæлхъой æнцæ уæхæн фудуагдзийнади фæдбæл. Сæ еугурей хестæр ракодта карз æлгъист: «Е ка адтæй, е мæрдти аци марди къæхти буни фæссæйæд!..

Уæд фæстети æ фурт æрбауадæй æма ин æ гъоси бадзурдта: «Ма 'лгъетæ Игко, бæрзæй мæнмæ 'й…

Уæд лæг иннердæмæ фæцæй: «Аци марди хузæн фæууæд, мадта, кой дæр ма 'й ка искæна... Мабал хъаугъа кæнетæ... Ниууадзетæ сæ, хæлар син фæууæнтæ… Мæнæ ма си нæ фагæ ес… Барæ сæхе нæ кæстæртæн…

* * *

*Абони нæ еугурпаддзахадон мулкитæ æнæзакъон хæлæттаг кæнунтæй гъæуай кæнун æ комкоммæ ихæс кæмæн æй, етæ дæр хъæбæр мæстæлгъæй фæдздзорунцæ нæ еугурадæмон «фингæй» æдзæсгонæй дæвдтитæ æма давгути нихмæ. Фал, еци хæлæфгæнгутæ сæхуæдтæ кенæ сæ цæуæт æнцæ, зæгъгæ, ку рагъæр уй, уæд сæ усхъæз радзорæ-бадзорити талæн бустæги фендæрхузон уй. Куд фæззæгъунцæ, халон халони цæстæ нæ къахуй…*



**Валентинæ МАТВИЕНКО, Федераций Совети сæрдар, æрæги хъæбæр рагъаст кодта нæ бæсти еуварс рауæнти цæрунмæ адæм уоййасæбæл тулаваст ке нæ 'нцæ, уой фæдбæл. Уотемæй ба, æ загъдмæ гæсгæ, ес си цæрунæн æма косунæн дæр хиццаг равгитæ.**

* * *

Кæд си уоййасæбæл хуарз равгитæ ес, уæд Матвиенкойæн æхе æма æ хузæн хецаудзийнади бæрзондибадгутæ сæ зæнæгæн сæ «сугъзæрийнæ» бунæттæ Мæскутæ æма Питерти ниууадзун кæнæнтæ æма сæ еци еуварс раунæтæмæ рарветæнтæ цæрунмæ-косунмæ. Ка 'й зонуй, уæд хумæтæг адæми цæуæт фæрразæнгарддæр уодзæнæнцæ.



**Андрей МАКАРОВ, Паддзахадон Думи депутат: «Æнæсæрфат гъуддаг æй унаффитæ хæссун, еудадзуг коррупцимæ ракæсæракæсæ кæнгæй…»**

* * *

Сæ еци ракæс-бакæс депутатти, æвæдзи, уоййасæбæл исдзæгъæлтæ кæнуй, æма ци закъонтæбæл исгъæлæс кæнунцæ, уони фудæй коррупцион фудракæндтæн никки фулдæр гæнæнтæ фæззиннуй. Никки ба ма син хъойраг исуй е дæр, æма Паддзахадон Думæмæ байервæзгæй депутаттæй, кадæртæ цæмæдæр гæсгæ гъæздугæй-гъæздугдæр кæнун байдайунцæ.



**Павел БОРОДИН, политик, Цæдесон Паддзахадæ Уæрæсе æма Белоруссий паддзахадон секретарь: «Махмæ ес уæхæн лозунг: нæ къæбот нин ку нидздзæхст кæнонцæ – Парижи равзурдзинан. Еума хатт ма ку бавзаронцæ – Берлини бамедæг уодзинан. Хъæбæр ку нидздзæхст кæнонцæ – мах сауæнгæ Вашингтонмæ дæр бахъæртдзинан, баруагæс уи уæд…»**

* * *

Уотæ усхъæзæй дзорæг дзиллон адæймæгутæ нур, знаги цæстæй нæ мæ кæсæг фæсарæнтæ нин алли фудмиутæй ку дзæхститæ кæнунцæ, уæд кæми 'нцæ, цæмæннæ бавдесунцæ се 'ндиуд æма цæмæннæ фескъуæлхунцæ ести лæгдзийнадæй нæ Фидибæсти сæрбæлтау. Фал кунæг! Абони сæ сагъæс æма сæ мæтæ 'й сæ берæ давæггаг фæсарæнти римæхст мулкитæ багъæуай кæнун…

**Фæсевæди арæхстдзийнæдти Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 15 июли. Уæд ма бæрæггонд цæудзæнæй æнахур бæрæгбон дæр – «Ести раттæ!..», зæгъгæ, Бон.**

*Абу ХАМИД АЛЬ-ГАЗАЛИ (1058-1111), пусулмон ахургонд: «Ибилистæ разелæ-базелæ кæнунцæ æнаккаг адæймæгути зæрдити алливарс. Етæ æнцæ ибилисти хезуæттæ, уæдта се 'фсад... Фал æ зæрдæ илгъаг менеугутæй ка искæдзос кодта, уонæмæ ба ибилис æмгæрон нæ цæуй...»*

# УОДИГЪÆДÆЙ КÆДЗОС УН – НÆ ЕУГУРЕЙ СÆЙРАГДÆР ИХÆС!..








**– Хаджиморат, нæ дзубандий райдæйæни мæ фæндуй хъæбæр зæрдиагæй дин райарфæ кæнун, нæ газеткæсгутæн ахсгиаг ка 'й, еци фарстабæл дæ гъудитæ зæгъунбæл ке исарази дæ, уой туххæй. Нæ дзубанди ба, æвæдзи, растдæр уодзæнæй райдайун, дзурд «халяль» ци нисан кæнуй, уой фæббæлвурд кæнунæй.**

– Арфæ уин кæнун æз дæр, газет еудадзугдæр уоййасæбæл устур æргом ке 'здахуй пусулмон дини, уобæл хуæст адæми цардиуаги æма республики иннæ динтæбæл хуæст цæргути медастæу рахастдзийнæдтæмæ, уой туххæй. Æмгустадæ, айдагъдæр æмгустадæ æй тæккæ рæствæндагдæргæнæг над адæмти 'хсæн лæдæрундзийнадæ æма кæрæдзей нимайундзийнадæ федардæр кæнунмæ, уомæ гæсгæ ба мин алкæддæр æхцæуæн фæууй уæ хæццæ æргом дзубанди кæнун.

Халяли туххæй уæ фарстайæн ба мæ дзуапп уæхæн æй: халяль амонуй, пусулмон дин аккаг хуæруйнагбæл ке нимайуй, æ домæнтæмæ гæсгæ ци продукттæ уагъд цæуй, уони. Пусулмон дини æгъдæуттæмæ гæсгæ цидæриддæр кайун æмбæлуй, е æй халяль, гъома, пайда кæнун си æнгъезуй.

**– Дæ загъд ма уотæ дæр балæдæрун æнгъезуй, æма дзурд «халяли» медес айдагъ хуæруйнæгтæмæ нæ хауй?**

– Раст зæгъис. Еци медес парахатгонд цæуй, цидæриддæр куститæ ес, уæдта цардæгъдауи ци фарстатæ фæззиннуй, уони фæдбæл ци гъудитæ ес, уонæбæл еугуребæл дæр æнхæрсуй. Уæдта уотæ зæгъуйнаг дæн, æма алцæй разæй дæр – гъудитæбæл. Уомæн æма гъуди адæймаги кæнуй адæймаг, уæдта, гъулæггагæн, гъуди адæймаги расхуайуй алцæмæй дæр уæлдæр, уæдта адæймагдзийнадæй дæр, æнаккаг миутæмæ дæр æй е аразуй.

Халяйлаг уни домæнтæ айдагъ хуæруйнагмæ нæ хауй. Е хауй дзаумæуттæмæ дæр. Уæдта ами дзубанди уотид гъæугæ хъумац равзарунбæл æма 'й бараæлæвæрд хузи дарунбæл нæ цæуй. Цидæриддæр архайуй адæймаг, е гъæуама конд цæуа нæ Исфæлдесæгбæл гъудигæнгæй, уой ном зæрдæбæл даргæй, кæдзос уод æма рæстаг бæлдити хæццæ.

Зæгъæн, халяли дон æррæстæ æрдзон, пайда кæнун кæмæй æнгъезуй, уæхæн дон гъæуама ма уа, фал æй ци ниуазæнæй ниуазис, е дæр кæдзос уа, адæймаги æнæнездзийнадæн зæран ка нæ хæсса, уæхæн мигæнæни.

Никки – кустуати косгутæ гъæуама ма тухсонцæ сæ сæргълæугути æнæсæрфат миутæй, сæ кусти мизд син гъæуама лæвæрд цæуа афойнадæбæл æма бакустмæ гæсгæ.

**– Дæ гъудитæ бæргæ раст æма зæрдæмæдзæугæ æнцæ, фал еугур еци уагæвæрдтитæ æма фæткитæ æнхæст кæнунмæ ба нæ нури цардарæзти, гъулæггагæн, беретæ, се 'хсæн динбæл хуæст адæймæгутæ дæр, уоййасæбæл тулаваст нæ 'нцæ? Уотæ цæмæн æй?**

– Зæрдæбæл дарун гъæуй уой, æма дæс æма æртинсæй анзей дæргъи нæ паддзахади тохмондаг атеизми фуддæраги архайди фудæй берæ уодварнон æгъдæуттæ æма фæлтæрддзийнæдтæ кунæггонд æрцудæнцæ. Уонæмæ ба хаст цæуй, мænæ нуртæккæ цæй туххæй дзубанди кæнæн, етæ дæр.

Никки ба ма нæ бæстæ Конституцимæ гæсгæ æй ахургонд, æцæгæй ба – аллихузон динтæбæл хуæст. Е хъæбæр усхъуммæй зиннуй адæмти хедарунадæбæл.

Гъе уомæ гæсгæ ба, гъома, уавæр исраст кæнуни нисанеуæгæй ист æрцудæй, динбæл æууæндæг адæми бартæ гъæуай кæнуни туххæй закъон, уæдта, Уæрæсей цæргутæй ке зæрдæмæ кæци дин цæуй, уой домæнтæ æнхæст кæнуни барæ нæ Конституций федаргонд æрцудæй. Хуæрзæрæги ба ма уголовон фудраконддзийнадæбæл нимад æрцудæй динбæл æууæндæг адæймаги бартæ æфхуæрундзийнадæ.

Уогæ адæймагæн бартæ раттун еу гъуддаг æй, гъæуй ма син се 'нхæст кæнунæн уавæртæ аразун дæр. Æхцæуæн æй, еци гъуддагмæ паддзахадæ гъæугæ æргом ке 'здахуй, е дæр.

**– Е естæмæй бæрæг кæнуй, мæнæ нуртæккæ ци фарстай фæдбæл дзорæн уоми, гъома, адæмæн æцæгæй пайдахæссæг хуæруйнæгтæ уадзуни гъуддагмæ цæстдарди ихæстæ пусулмон æхсæнадæ æхемæ ке райста, уоми?**

– Уæрæсей пусулмон дин нæуæгæй æ къæхтæбæл лæууун ку райдæдта, уæд фæззиндтæнцæ халяли домæнтæ æнхæст кæнуни уагæвæрдтитæ дæр, сæйрагдæр ба хуæруйнаги фарстай. Æма уæд регионти пусулмæнтти уодварнон Управленитæ сæхе хъæппæресæй сæ цæстæ дарун райдæдтонцæ, хуæруни продукттæ пусулмон дини домæнтæмæ гæсгæ цæттæ кæнуни гъуддагмæ. Е бæргæ гъæугæ гъуддаг æй, фал æй нæхе цæститæй ку уинæн, абони нæмæ хецмæрезæй ци «базарадон фæткитæ» иситинг æнцæ, етæ ци 'нцæ æма цæйбæрцæбæл фидбилизхæссæг æнцæ, уой. Нури базаргæнгутæн сæ фулдæрæй-фулдæр уоййасæбæл æдзæсгæнттæ 'нцæ, æма нин ци хузи продукттæ уæйæ кæнунцæ, уой нæхе уодтæбæл хуарз бавзурстан æма ма, гъулæггагæн, æвзарæн.

Хуайраги продукттæ уадзгутæ æма уæйæгæнгутæ уайсахат дæр «æркъипп» кодтонцæ, «халяль», зæгъгæ, ци продукцибæл финст уа, уой фулдæр æма ахиддæр ке æлхæнунцæ, уомæн æма нимад цæуй хуæрзгъæдæ продукцибæл, æма адæм æууæндунцæ, уомæ гъæуама, фиццагидæр, хъибили фид æгириддæр ма хъæрта, никки ба ма, адæймагæн е 'нæнездзийнадæн зæранхæссæг ка 'й, уæхæнæй дæр си гъæуама æгириддæр маци уа, зæгъгæ. Уомæй пайдагæнгæй, еци æдзæсгæнттæ сæ алли товарбæл дæр «халяль», зæгъгæ, финсун райдæдтонцæ. Æма товарти бæрцæ æнгъезæнæй гъæст къинси хузæн цæхгæр уæлæмæ ниццавта. Фал продукций хуæрзгъæдæдзийнадæ ба ниллæгдæргæнгæ цудæй, уомæн æма халяли домæнтæмæ гæсгæ æнæгъæнæйдæр æнхæст продукттæ уадзун æ кæнæгæн дзæвгарæ хъазардæрбæл лæууй, уони ба уæлдай харз кæнун нæ фæндуй. Гъулæггагæн, нæхе динбæл ка æууæндуй, уони 'хсæн дæр уæхæнттæ разиндтæй. Æма сæ еци миуæ ба нæ Исфæлдесæги размæ устур тæрегъæдбæл нимад æй.

Еугур еци æведауцæ цаутæмæ гæсгæ ба багъудæй, халяли товартæмæ цæстдарæг организацитæ исаразуни сæр дæр. Нур дæс анзей дæргъи архайæн, цæмæй халяли продукций хуæрзгъæдæдзийнадæ домæнтæн æнхæстæй дзуапп дæтта. Уæдта ма кæсæн сæрмагонд сертификаттæ кæмæн равардтан, уони архайдмæ дæр.

Махæн ахсгиаг æй, ци пусулмон æма æнæуой адæм нин æлхæнуй нæ продукци, уони æууæнкæ. Уæдта ма, нæ продукци айдагъ Иристони нæ хæлеу кæнуй, фал æрвист цæуй æнæгъæнæ Уæрæсей регионтæмæ дæр. Е ба устур æма бæрнон ихæстæ æвæруй æ аразгутæбæл.

**– Уæ цæстдард ци хузи æнхæстгонд цæуй?**

– Сауæнгæ сертификат раттунæй фæстæмæ еудадзуг. Халяли продукци ци кустуæттæ уадзунцæ, уонæми еугуреми дæр ес нæ цæстдарæг минæвар.

Нуртæккæ нæ республики уæхæн кустуæттæ æнцæ еу финддæсей бæрцæ, курдиæттæ ба нæмæ æрбалæвардтонцæ сæдей бæрцæ. Фал нин нæ домæнти хæццæ ку базонгæ уиуонцæ, уæд сæ 90 проценти уайтæккæдæр сæхе райеуварс кæниуонцæ, уой размæ нæ хæццæ æмгуст кæнунбæл арази ка адтæй, уонæй дæр кадæртæ нæбал косунцæ, æртиккæгтæн ба сæ сертификаттæ фæстæмæ райстан, сæ продукци нæ домæнтæн дзуапп ке нæ лæвардта, уомæ гæсгæ. Фал нæ бизнесаразгути 'хсæн ес уæхæнттæ дæр, æма хатгай се 'фтуйæгтæй сæ хæрзтæ фæффулдæр унцæ, фал уæддæр косунцæ мах домæнтæмæ гæсгæ.

**– Цæмæй федералон номхигъдмæ хаст æрцудайайтæ, уобæл ку архайдтайтæ, уæд циуавæр нисантæ æвардтайтæ уæ рази?**

– Нæ зæрдæ дардтан, еугурадæмон цæстиварди уогæй, халяли продукци уадзуни гъуддаг никки бæрзонддæр къæпхæнмæ исесунбæл, гъæуама уавæртæ арæзт цæуа нæ рауагъд продукци æндæр бæститæмæ дæр цæмæй хъæрта. Абони Уæрæсе е 'ргом Хорискæсæн æрдæмæ ке рахатта, уомæ гæсгæ, нæ зæрдæ дарæн, нæ равналæнтæ æма гæнæнтæ дæр фæуурухдæр уодзæнæнцæ. Нæ бастдзийнæндтæ федардæргæнгæ цæунцæ Сирий, Турк, Иран æма æндæр хорискæсæйнаг бæстити хæццæ.

Фал уæддæр нæ фиццагифиццагидар кезуй ихæс ба æй нæхе адæмбæл мæтæ кæнун æма син хуæрзгъæдæ, нæ дини домæнтæн кæрæй-кæронмæ æнхæстæй дзуапп ка дæтта, уæхæн продукци уадзун.

## НÆ ЦАРДИ АХСГИАГ ФАРСТАТИ ФÆДБÆЛ ГЪУДИТÆ



**ГУÆЦÆЛТИ Хаджиморат, Цæгат Иристони муфтий:**

– Зæнхæбæл адæймагæн сæйраг тæрхонгæнæг адæймаг æхуæдæг æй. Кæд æй исгъомбæл кодтонцæ, æ уодиконди Хуцау нæййес, уотемæй, уæд æй сæдæ цæстдарæги дæр е 'наккаг миутæ кæнунæй нæ багъæуай кæндзæнæнцæ. Уой хæццæ ба уой зæгъун гъæуй, æма уодæй кæдзос æма рæстзæрдæ адæймаги сæдæ мæнгарди дæр нæ рафæлевдзæнæнцæ æ равзурст надæй, е 'ууæндундзийнадæй æй нæ фæккеун кæндзæнæнцæ.

Фал уæддæр алли дини дæр ес сæхе цæстдаргутæ, адæймаги æ равзурст надæй фæрсмæ рахезун ка нæ уадзуй, уæхæнттæ. Адæймаг хатгай нæбал фæллæдæруй æ миути рæстдзийнадæ, кæми ба цидæр гъуддæгутæбæл дузæрдуг кæнун райдайуй æма уæд æ бон æй æхе æ уодварнон унаффæгæнæгмæ бахатун.

Е ин бæлвурдæй балæдæрун кæндзæнæй, дин ци амонуй, Мæхæмæт-Пахампари цардæрфинстæй ин дæнцæгтæ æрхæсгæй фæййагъаз кæндзæнæй фæстæмæ раст надбæл æрлæууунæн.



***Блез ПАСКАЛЬ (1623-1662), «Хуцау нæ æнæ мах агъазæй исфæлдиста, фал нæ ервæзун ба æнæ мах агъазæй нæ фæккæндзæнæй...» Аци загъд цæйбæрцæбæл раст æй, нæхе фудæй ести сайди-бæлахи ку бахауæн, уæд... Бæргæ ма фæффæсмон кæнæн, фал... Куд фæззæгъунцæ, фурмæстæй ма фæрæтæй донмæ лæборæ...***

### НÆ ЕУГУРЕМÆНДÆР САГЪÆССАГ УАВÆР



# АДÆЙМАГИ МУЛКИТÆ МÆНГАРДÆЙ РАСАЙУН ТÆРЕГЪÆД ÆЙ!..

***Аллихузон зæрдæвæрдтитæ æма фæливд миути фæрци цæстфæлдахгутæ æгæр æууæнкгин адæми æхцатæ куд расайунцæ, уæхæн цаутæ цæйбæрцæбæл исахид æнцæ нæ бæсти аали рауæнти, уой фæдбæл æрмæг æрæги ниммухур кодтан нæ газети (22-аг номери). Абони дæр ма уин ракой кæндзинан еу цалдæр уæхæн цауей кой.***

**МÆСКУЙАГ** Ольгæмæ æрбадзурдта циуавæрдæр слестгæнæг, уой фæсте ба Центрон банки косæг æма ин фегъосун кодтонцæ, æ хигъдæй æхцатæ ке исæфуй, уой. Æма 'й исарази кодтонцæ, цæмæй сæрмагонд хигъдмæ барвета еу миллион соми, уæдта ломбарди исæвæра æ рæуæг хуæдтолгæ «Мазда». Куд фæстæдæр, уотæ фæлевгутæ æдзæсгондæр кæнун байдæдтонцæ, берæ цидæртæ ма си расайдтонцæ. Цубурдзурдæй, æ зæрантæ исхизтæнцæ 11,7 миллион сомемæ.

* * *

**УÆРÆСЕЙ** финансон Министради департаменти сæргълæууæг, 60-анздзуд Владимир Штопмæ аци анз мартъий бадзурдтонцæ æнæбæрæг номерæй. Куд ин балæдæрун кодтонцæ, уотемæй цума кадæр æ номбæл гъавуй дзæвгарæнимæдзон кредит райсун. Уомæ гæсгæ ба В. Штоп гъæуама е 'хцай æвæрæнтæ раййева æдасдæр хигъдмæ. В. Штоп æхе ракæвдзæ кодта æма бамедæг æй, Мæскуй Сурх фæзи Паддзахадон универмаги, банкоматтæ кæми адтæнцæ, уордæмæ, аллихузон хайæдти исиста 3,8 миллион соми, æма сæ барвиста æртæ æнæзонгæ картемæ. Айдагъдæр уой фæсте балæдæрдтæй, фæлевгути сайди къетелæги ке бахаудтæй, уой. Нуртæккæ пъæлицæ агоруй фудгæнгути…

* * *

**УÆРÆСЕЙ** науки æскъуæлхт архайæг 92-анздзуд Константин Брушлинскийæн дæр аци анз мартъий фегъосун кодтонцæ, æ картæй ин кадæр ке пайда кæнуй, уой. Цæмæй æй никки хъæбæрдæр бауæндун кодтайуонцæ, уой туххæй ба имæ дуккаг бон барвистонцæ курьер мæнгæ гæгъæдити хæццæ, бунæй ба си искодтонцæ Центрон банки сæргълæууæг Эльвирæ Набиуллинай мæнгæ къохфинст. Уотемæй фудгæнгутæ дууæ къуæрей дæргъи зундгонд ахургондæй расайдтонцæ æртæ миллион соми.

* * *

**ÆНÆНГЪÆЛÆГИ** æрцæуæг уавæрти Министради Академий хестæр инспектор 31-анздзуд Артеммæ аци анз январи кæрони æрбадзурдта æнæзонгæ адæймаг, æхе исхудта Центрон банки косæг. Куд ин балæдæрун кодта, уотемæй æ сæрмагонд хигъдæй ист æрцудæй цалдæр транзитон акций æма фæрæзнитæ æрвист æрцудæнцæ Украини æфсæдтæн агъазæн. Иннæ бæлах ба ма е адтæй, æма уæхæн игъосункæнуйнаг ма æрбацудæй æ биинойнагмæ дæр. Лæг æма уосæ зæрддзæф фæцæнцæ – фæттæрсун сæ кодтонцæ, гъома, еци хабари фудæй сæмæ «æнгъæлмæ кæсуй уголовон гъуддаг æма ахæстдони берæ рæстæг фæббадун». Цæмæй гъуддаг ма исгъæр адтайдæ, уой туххæй ба син баунаффæ кодтонцæ нæуæг кредит райсун æма еци æхцай фæрæзнитæ æндæр хигъдмæ барветун. Уотемæй Артемæй фæлевгутæ расайдтонцæ 1 300 000 соми. Етæ сæ къохти ку бафтудæнцæ, уæдта бабæй си æрагурдтонцæ нæуæг кредит райсун. Хуарз æма сæ Артем уæдмæ æрлæдæрдтæй æма хабар фегъосун кодта пъæлицæмæ.

* * *

**МИТИНИ** цæрæг, 75-анздзуд Вячеслав Николайи фуртмæ телефонæй бадзурдта, æхе Центрон банки косæг ка исхудта, уæхæн нæлгоймаг. Е зæронд лæги бауæндун кодта, æ хигъдбæл ци æхцай фæрæзнитæ ес, уони ин кадæртæ исесунвæндæ ке кæнунцæ æма сæ цæмæй æндæр хигъдмæ райййева. Уотемæй пенсиесæг æ 690 000 сомемæй фудевгедæй райзадæй. Цалдæр боней фæсте бабæй имæ æрбадзурдтонцæ æма ин куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй циуавæрдæр фæлевгутæ ин æ фатер ке ниууæйæ кодтонцæ, уомæ гæсгæ ба гъæуама æ фатер æхуæдæг рауæйæ кæна æма еци æхцайæй фæстæмæ балхæна æхе фатер нæуæгæй. Пенсиесæг æ къох бафинста хæдзарæ уæйæ кæнуни туххæй гæгъæдитæбæл æма... нæуæг анзи къæсæрбæл æнæ хæдзарæй райзадæй.

* * *

**МÆСКУЙАГ** Надеждæ Салвари кизгæй фæлевгутæ басайдтонцæ 1,5 миллион соми. Фиццаг хатт имæ ку бадзурдтонцæ, уæд си байагурдтонцæ 20 мин соми. Надеждæ син сæ хигъдмæ барвиста еци æхца, фал хуæрзрæхги ба балæдæрдтæй, сайгæ 'й ке ракодтонцæ, уой, æма пъæлицæмæ фегъосун кодта. Дуккаг хатт дæр уотæ. Пъæлицæ ин лекцитæ бакастæнцæ, етæ фæливд гъуддæгутæбæл хуæст адæймæгути миутæ ке 'нцæ, уой туххæй, фал бабæй син уæддæр æртиккаг хатт дæр багæлста æхца сæ хигъдмæ. Еци æхцатæ ба иста æхе фурти хигъдæй.

* * *

**МÆСКУЙАГ** пенсиесæг зæронд силгоймагæй фæлевгутæ басайдтонцæ 700 мин соми. Æ телефони гъазгæй, æ цæстæ æрхуæстæй еу игъосункæнуйнагбæл: «Газпроми хецау Александр Миллер æма Уæрæсей премьер Михаил Мишустин агъаз кæнунцæ кардзуд пенсиесгутæн...» Силгоймаг телефони ниууагъта æ ном, муггаг, фиди ном æма номер. Дæс минуттей фæсте ба имæ æрбадзурдта фиццаг фæлевæг. Зæрдæ ин байвардта, æ гъуддаг ин дæсни паддзахадон аналитики къохтæмæ ке ратдзæнæй æма 'й е ке исгъæздуг кæндзæнæй, уой туххæй.

Æцæг ин балæдæрун кодта, гъуддагаразæгæн бал развæлгъау 15 мин соми багæлдзун ке гъæуй, æма ин силгоймаг дæр æ домæн исæнхæст кодта. Дæс боней фæсте бабæй ин фæлевæг фегъосун кодта, æ гъуддæгутæ куд не 'мбæлуй, уотæ хуæрзæрдæмæ ке цæунцæ, еци хабар æма бабæй си æрагурдта 370 мин соми, фондз боней фæсте ба ма – 300 мин соми. Æма æ гъуддаг еугур «рæстмæ» фæцæй. Силгоймаг гаффоттæй райзадæй.

* * *

**ЭКОНОМИКИ** уæлдæр скъолай ахургæнæг Михаил Карповмæ æрбадзурдта еу лæг æма æхе исхудта Центрон банки косæг. Куд ин балæдæрун кодта, уотемæй Михаилæн е 'хцай фæрæзнитæ «тæссаг уавæри» бахаудтæнцæ æма сæ гъæуй «æдасдæр хигъдмæ райййевун», зæгъгæ. Уогæ еунæг нæ адтæнцæ фæлевгутæ. Цалдæр рауæнемæй имæ æрбадзориуонцæ æма си уотемæй басайдтонцæ æнæгъæнæ дууæ миллион соми. Еци æхцатæ курьери къохти басагъта æма айдагъдæр уой фæсте балæдæрдтæй, ци уавæри бахаудтæй, уой.

* * *

**ÆХЦА** æфснайæн банки инкассатор ба фæлевгути къохи бакодта æнæгъæнæ 21 миллион соми. Етæ 'й бауæндун кодтонцæ, банки хецау имæ ке дзоруй æцæгæйдæр, уобæл. Инкассатори дзубандитæбæл нæ бауæндтæнцæ оргæнти косгутæ æма ибæл уголовон гъуддаг искодтонцæ. Фал, æ амондæн, цалдæр боней фæсте ба рабæрæг æй, Центрон банки номæй ке дзурдтонцæ 19-анздзуд Айрат Каримуллин Казанæй, 20-анздзуд Иринæ Дик æма е 'мдзæрæг – Глеб Прокиньчереда сахар Омскæй.

* * *

***Ауæхæн цаутæ, гъулæггагæн, исарæх æнцæ мах республики дæр. Уонæй дæр уин еу цалдæрей кой ракæндзинан.***

* * *

Дзæуæгигъæуккаг рацæргæ силгоймаг цæстфæлдахгути къохти бакодта 1,5 миллион соми, æ фурти фурти фудбæлахæй исласун æнгъæлæй.

Цæветтонгæ, рацæргæ силгоймагмæ телефонæй æрбадзурдта кадæр æма, æхе барадæгъæуайгæнæг оргæнти косæг исхонгæй, фегъосун кодта, æ фурти фурт, дан, авари искодта. Ци хуæдтолгæбæл адтæй, уоми бадæг адæм уæззау цæфтæ фæцæнцæ æма сæ хеуæнттæ гъавунцæ пъæлицæмæ сæ гъаст бадæттун. Æрбадзорæг ин балæдæрун кодта, гъома, æ бон æй уони хæццæ бадзубанди кæнун, цæмæй гъуддаг оргæнтæмæ ма æрхъæрта, уой туххæй, æцæг уой туххæй гъæуй ратун 1,5 миллион соми. Зæронд уосæ «хабаргæнæгбæл» бауæндтæй æма, берæ æнзти дæргъи ци æхцатæ фембурд кодта, уони æнæзонгæ лæги къохи бакодта.

Нуртæккæ барадæгъæуайгæнæг оргæнтæ гъуддаг бæлвурд кæнунцæ.

* * *

Нæ республики пъæлици косгутæ бауорæдтонцæ фудгæнгути къуар. Етæ цуппар анзей дæргъи, ка рамæлидæ, еци адæймæгути хигъдæй фæддавтонцæ æхцай фæрæзнитæ – еумæйаг нимæдзæй 12 миллион соми. Фудгæнгути къуари сæргъи лæудтæй паддзахадон уагæдони бæрнон косæг. Уомæн бантæстæй мæнгард системæ æргъуди кæнун. Паддзахадон æнæбюджетон фонди бæрæггæнæнтæй пайда кæнгæй, сæ миутæ кодтонцæ.

Иссериуонцæ, 85-100 анзей размæ ка райгурдæй, уæхæн адæймæгути æвæрæнтæ æма фæстаг рæстæгути уонæми æйййивддзийнадæй неци 'рцудæй, уой ку исбæлвурд кæниуонцæ, уæд син лæдæрд уидæ – адæймаг цардæгас нæбал æй. Уотемæй еци адæми æвæрæнтæ сæхе дзиппити æвардтонцæ.

«Бæрнон косæгæн» æ агъазгæнгутæ ба иссæнцæ æ дууæ зонгæ силгоймаги. Етæ иссериуонцæ фæрсæг адæймæгути æма, еу фæйнæ къапекки син бафедгæй, нотарионалон къантори гæгъæдитæбæл исесиуонцæ еци æхцатæ.

Еци «куст» кодтонцæ сауæнгæ 2019 анзæй фæстæмæ. Нур ба сæ сæргълæууæг æма иннæ дууæ адæймаги æнцæ ахæст. Арæзт сæбæл æрцудæй уголовон гъуддаг, дзæвгарæ фæрæзнитæ ке радавтонцæ, уой туххæй. Фудгæнгути къуари раздзæуæг бадуй ахæстдони, иннæ дууæ ба бал бадунцæ сæ хæдзæртти, ескумæ рандæуни барæ син нæййес.

* * *

Мæздæггаг рацæргæ силгоймаги бафæндадтæй нимæдзти активтæй къапекк бакосун æма уоййадæбæл æхе 1 400 000 соми дæр фæддунд-далагъан æнцæ.

Еци 72-анздзуд силгоймаг пъæлицæмæ ци гъаст балæвардта, уоми куд байамудта, уотемæй социалон хизæги бакастæй, е 'хцатæй устур процентттæ бакосуни равгæ ин ке ес, уой туххæй игъосункæнуйнаг. Берæ æхцатæ бакосунмæ рахицæ кæнгæй, бауæндтæй еци «хуæрзгæнгути» зæрдæвæрдтитæбæл. Уой фæсте имæ æрбадзурдта, æхе брокерон къантори косæг ка рахудта, уæхæн нæлгоймаг æма ин балæдæрун кодта, силгоймаги æхца сæрмагонд амунд хигъдмæ бахæссун ке гъæуй, цæмæй ин сæбæл æфтуд цæуа процентттæ, кæцити ин барветдзæнæнцæ æ банки картæмæ.

Æ фиццаг «кæдзос» æфтуйæгтæ есуни афонæ ку 'рхъæрттæй, уædта рабæрæг æй: æ картæбæл къапекк дæр нæ разиндтæй. Ци «брокер» имæ дзурдта, е дæр фæццидæр æй. Сайд ибæл ке 'рцудæй, уой балæдæргæй байагурдта пъæлици агъаз. Уголовон гъуддаг арæзт бæргæ 'рцудæй, фал уæхæн мæнгæброкертæ хъæбæр зин рабæрæггæнæн æнцæ, уомæн æма фæливд миутæ аразæг компанитæ регистрацигонд фæуунцæ фæсарæнти.

* * *

***Ку зæгъæн, фæливд миутæ аразæг фудгæнгутæ кæмæндæртæн се 'хцатæ расайуни туххæй цаутæ исахид æнцæ мах республики дæр. Сæ кой син уомæ гæсгæ нæ кæнæн, æма уонæбæл дзорунæй фудгæнгути исбæлвурд кæндзинан, зæгъгæ, фал сæбæл, баруагæс уи уæд, дзорун ба уæддæр гъæуй – кæдимайди ба иннетæмæ фагæ лæдæрундзийнадæ разиннидæ æма син кедæрти рæдуд зундгиндæр унæн фæййагъаз уидæ, тъалитъайлаг сайди нæ бахаунмæ...***

***ТОККАТЫ Алихан йæ фыстæджытæй иуы фыста: «Æз мæ зæрдæ кæмæн радтон, уымæй йæ нал райсдзынæн фæстæмæ, цъыфы йæ куы Тула æмæ йæ кæрчытæн куы ссæнда, уæддæр. Кæсдзынæн æм æмæ йын уæд сабырæй мæ фыццаджы уарзон ныхæстæй иу-дыууæ зæгъдзынæн, æндæр æм, мыййаг, хæрамдæр нæ фæуыдзынæн,***


ХЪОДЗАТЫ Æхсар

***Номдзуд ирон поэт, драматург, публицист, революцион архайæг Токати Инуси фурт Алихани райгурдбæл æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1893-1920). Кæци мæйи æма бони райгурдæй е, æнгъæлдæн, бæлвурд бæрæг нæй, уой туххæй финст æрмæгутæ фæйнæхузи амунд цæунцæ. Куддæр æй, уæддæр мах нæхецæн ихæсбæл банимадтан æ ном ин иссерун, æма абони мухур кæнæн Цæгат Иристони адæмон поэт Хъодзати Æхсари уац – е берæ фæхъхъиамæт кодта аци искурдиадæгин адæймаги цардвæндаги хабæрттæ æма исфæлдистадæ исæносон кæнунбæл. Ци æрмæгутæ бацæттæ кодта, уонæй æнцæ, мæнæ дæлдæр ци литературон-биографион этюдтæ мухур кæнæн, етæ дæр.***


ТОКАТЫ Алихан

# «НАЛ ФÆРАЗЫН ЗÆХХЫЛ, ФЕСКЪУЫЙЫ МÆ ЗÆРДÆ...»

«Поэзимæ æрдзæй æмбисонды стыр хæс æрхаудта, – фыста Шарль Бодлер. – Фæнды хъæлдзæг уæд, фæнды æнкъард – уый кæддæриддæр бæрæг дары йæ утопиондзинады æрвон бæрджытæй. Уый адзалы къахыл æрлæууы, йæ алыварс цы дуне ис, уый ныхмæ фæллад нæ зонгæйæ хæсты куы нæ бацæуа, уæд. Ахæстоны уый цæры тохы монцæй, рынчындоны сынтæгыл, – кæй сдзæбæх уыдзæн, ууыл æууæндыны цырен ныфсæй, ... уымæн йæ хæс у канд зæрдæмæ исын нæ, фæлæ галиудзинад раст кæнын дæр. Уый æнæраст хъуыддæгтимæ никуы бафидаудзæн» (Шарль Бодлер. Цветы зла. Чиныгуадзæн «Наукæ». М., 1970, 236 ф.).

Ай-гъай, поэт хæсты бацæуы, царды низтæ сафыны охыл йæ удæй арт дæр цæгъды, галиудзинад сраст кæнынил дæр сæруæлдайæ архайы, фæлæ йæ бон нæу æгъатыр дунейы стыр фыдæх басæттын. Æмæ уæд фæлдисын райдайы йæхи дуне, фидауцы райдзаст бæстæ. Н. Бердяев, В. Соловьев æмæ иннæ философтæ уыцы куыст-архайд хуыдтой теургион сфæлдыстад. (Теурги–магийы хуыз, уый руаджы Хуыцаумæ кувæг адæм фæархайынц æрвон тыхты фæрцы царды цаутæ раивыныл). «Теургия преодолевает трагедию творчества, направляет творческую энергию на жизнь новую... Теург творит жизнь в красоте. Искусство символическое – мост, путь к искусству теургическому», – фыста Н. Бердяев 1914 азы (Н. Бердяев. Смысл творчества. ООО «Издательство АСТ», ООО «Хранитель», М., 2007, 252 – 253 фф.). Уыцы дуне арæзт у уарзтæй – фыццаджы-фыццаг, дæ алыварс чи ис, уыдонæн. В. Соловьевы загъдау, «никакая святость не может быть только личной. Она непременно есть любовь к другим. А в условиях земной действительности эта любовь есть главным образом сострадание» (П. Таранов. Золотая философия. М., ООО «Издательство АСТ», 1999, 524 ф.). Соловьевы ныхасæн «о» зæгъы нырыккон поэт дæр: «А с любовью у нас, людского племени, большие трудности. Бросьте лучик любви на камень, на крысу, на умирающего – и они станут прекрасны. Все происходит, все достойно жалости, а следовательно, и любви. И следовательно, несет в себе красоту, точнее, гармонию» (Б. Кенжеев. «Новый мир», 2007, №11, 90 ф.). Поэзийы та сæйрагдæр у гармони агурын, фыссы дарддæр Кенжеев. «Если твоя собственная гармония требует твоей собственной формы, то эта форма, – при наличии дара, разумеется, – придет сама собой» (уый дæр уым, 110 ф.).

Йæ цыбыр царды бонты уыцы гармони агурыныл уыд Алихан. Кæй-иу æй ссардта, уый та гуырысхойаг нæу. Сонет «Цыкурайы фæрдыг»-ы йæ комкоммæ куы зæгъы: «Мæнмæ цыкурайы фæрдыг ныр ис». Гармони йын сызгъæринты нæй, фæлæ уалдзыгон æртæхы, сусæгæй

*Æз лидзын комæй, хох, дæ цъупмæ,*
*Бырын дæ цъупмæ æз, бырын.*
*Æз хурæн акæсон йæ худтмæ,*
*Кæд цъуппыл нал уынин фыдрын.*

(«Ныууагътон, ...хох, дæ сау ком...»)

«Мæ цæссыджы – мæ уарзт». Уый Алиханæн уыд йæ поэтикон формулæ, кæд æцæг аивадыл дзургæйæ, формулæтæ, уагæвæрдты кой кæнæн ис, уæд. Уарзты тынтæй уæфт у Токаты лæппуйы сфæлдыстад æнæхъæнæй дæр. Уарзты тынтæй хъарм æмæ рухс сты йæ фыстæджытæ, стæй йæ тетрæдты æмæ хицæн гæххæтты гæбæзтыл фыст рæнхъытæ дæр. Кæсæм ын йæ тетрæдты:

## ÆМДУГОН ÆМДУГОНЫ ТЫХХÆЙ



**ТЫБЫЛТЫ Алыксандр (1887-1937), литературон критик: «Кæй зæгъын æй хъæуы, зын рахатæн у, æдзард поэты курдиат боныфæстагмæ цы бауыдаид, уый, фæлæ йын не ’мбырдгонды цы зарджытæ ис, уыдонил бæлвырдбæрæгæй зыны, сæ ныффыссæг æцæг курдиаты хицау кæй уыди, уый. Дзæбæх ратæлмац кодта Бальмонт æмæ Брюсовы æмдзæвгæтæ. Фæлæ йæхи оригиналон фыстыты уыйбæрц тыхджындæр у, æмæ йын абарæн дæр нæй. Йæ авдæны зарæг йæ формæмæ гæсгæ, йæ апмæ гæсгæ аивдзинадæй æрымысын кæны Феты. Токайы-фырты æмдзæвгæ «Малусæджы» бæлвырд-бæрæгæй зыны, поэт бæрц кæй зоны, йæ чем, йæ равг, йæ зæрдыуагæн йæ рохтыл хæцынмæ кæй арæхсы, уый. Æмдзæвгæйы нæй иунæг æнæхъуаджы хъуыды, иунæг уæлдай дзырд дæр, аивадон æгъдауæй у хорз ифтонг, къухбакæнæн æм нæй».**

«фарны фынтæ» чи дзуры, уыцы хъæды, хъазгæ хурмæ чыргъæдæй чи ратахт, уыцы мыдыбындзы змæлды («дидинджытыл кафынæй бон-изæрмæ бафæллад – дидинæгыл бафынæй»), зæппадзы чи бады, уыцы уыджы æнафоны уасты («æз уарзын дæу, уæ, уыг, зæрдæйæ уарзын, – кæй уарзыс талынг, мæрдты ды»). Поэт йæ зæрдæйы уарзты тынтæй фæхайджын кæны, æнæбары бон кæуыл акодта, уыцы абырджыты дæр, кæддæр хохы цъуппыл чи лæууыд, фæлæ, цадмæ хæлæг кæнгæйæ, йæхи чи раппæрста æмæ ныр тулгæ дурыл нымад чи у, уый дæр, стæй цъыфдзасты бадæг хæфсы дæр... Царды чъизитæ, фыдмитæ уынгæйæ йæ уд æрдуйæ нарæгдæр свæйы, фырадæргæй цы акæна, уый нал фæзоны, æмæ та йæ уæд æрвон гармони асайы зæххон дунейæ хуры, стъалыты дунемæ:

«Уæрыччытæ фæхастам æмæ дзы иу аргæвстам Уастырджийы æхсæв. Иннæ уасыд, йе ’мбалмæ куыдта...»

«Меня радуют праздники религиозные, но я не радуюсь праздничной суете, когда веселятся тысячи людей. Был холодный декабрьский день. Я поехал в родной Владикавказ к родителям. Снег. Мороз... Экипажи, фаэтоны, дрожки, автомобили. Три дня – праздники. Покупки. Шампанское. Водка. Звон колоколов. Они извещают народу о том, что сегодня в Вифлееме родился Спаситель мира Иисус Христос.

Оборванный мальчик с коробкой ириса. В лохмотьях. Пустая коробка. Пятнадцать лет. Покрасневшее от холода лицо. Окоченевшие руки. Красные. Плакал: пьяные господа отняли ирис. Жевали. Ругались. Я отдал мальчику 23 копейки. Он поблагодарил меня и побежал.

Грустно и печально стало в душе. «Веселые люди». Кто без фуражки, кто в одной рубашке, кто с бутылкой в руках, богатые, нищие, пели, плакали, ругались.

Когда бывают праздники, когда веселятся тысячи людей, я сижу дома всегда, печальный и грустный. Не умеем праздновать. Молимся Богу, будучи пьяными. Неужели так надо праздновать? Все это ведет к пагубным делам...»

Цас хъыг æмæ тæригъæд сæвзæры поэты зæрдæйы, мæгуыр адæмы царды нывтæ уынгæйæ, йæхимидæг утæхсæн куыд фæкæны, баххуысхъом сын кæй нæу, уый фыдæй! Æфхæрдтыл æфсымæрау æнувыд кæй уыд, æфхæрджытæй та йæ удхæссæг кæй уыдта, ууыл дзурынц йæ фыстæджытæ дæр. Иуы дзы æрхæндæгæй зæгъы, Бакуйæ Дзæуджыхъæумæ цæугæйæ, цавæрдæр станцæйы мæгуыр цæцæйнаг лæппуйы æхсыр уæй кæнгæйæ куыд федта, ууыл. Иннæ фыстæджы сныв кодта, Дæргъæвсæй Холыстмæ фæндагыл цы бавзæрста, уыдæттæ. Ацы фыстытæм адæймаг сцымыдис вæййы канд сæ хабæртты тыххæй нæ, фæлæ аив, нывæфтыд æвзагæй фыст кæй сты, уымæ гæсгæ дæр: «Къорамæ куы фæхæрд кодтам, уæд федтам дуры сæр хуысгæйæ хъæбæр фынæйæ иу лæппуйы, 8–10 азы кæуыл цыд, ахæм. Мæгуыр, бафæллад, æвæццæгæн, йæ ныфс нал хаста Къорайы хæрды ссæуын. Йæ уæззау хордзентæ уыдысты йæ нывæрзæн. Хуыссыди хуыррыттæй. Бирæ йæм фæкастæн, тæригъæд мæм фæкасти йæ сыхъал кæнын. Ададжы дон сæх-сæх кодта, бакъахта дуры бын, рафæлдахынмæ йæ хъавы. Йæ былыл иукъорд къæрдæджы муры донмæ кувынц: «Ныууадз нæ, ныууадз нæ, ма нæ хъыгдар, кувæм дæм, кувæм». Йæ сæрмæ дурыл та лæппу хуыррыттæй хуыссы, цыма дзуры: «Ыххауын, ыххауын, ыххауын». Тæригъæдæй байдзаг мæ зæрдæ, асæрфтон сурхид мæ худæй.

Адард мæм ме ’мбал. Ацыдтæн æз дæр... Ахызыстæм Бæрзонд Къорайæ. Æфцæгмæ фæцæуæм. Зæрдæ та барухс Æвзвæндаг-дзуары бын. Табу йæхицæн! Дидинæг алыхуызонæй алырдæм фæйлауы. Мæнæ-мæнæ кæны уалдзæг. Нодзы ма иу ныв: стыр дуры цур астæуме кæрдæджы хуыссы цыдæр. Быдзытæ

**Зундгонд финсæг, литературон æртасæг, тæлмацгæнæг Тедети Константини фурт Рюрики райгурдбæл 16 июли æнхæст кæнуй фондз æма цуппарин-сæй анзи (1938-1991).**

***хæлардæр йеддæмæ. Æнкъард ма у æмæ дæ зæрдæмæ макæй ныхæстæ ис... Лæг æнæниз куы уа, æмæ йæ тых йæхимæ куы уа, уæд амонд сургæйæ у, æмæ йæ баййафдзæни. Æцæг зонын хъæуы, куыд æй сургæ у, уый. Макуы хон дæхи мæгуыр, цалынмæ дæ тых дæ мидæг уа, уалынмæ...»***

балæй æмбырдтæ кæнынц йæ сæрмæ. Ныккаст æм изæры æнтæф судзгæ хур æдзынæг. Дис кæнæм: цы у ай? Хуыдтон æй фысы мард, бирæгъты уæлдай. Ныццыдтæн æм хæстæгдæр. Кæсын: иу лæппу уынæргъы, хуыссы æнтæф хуры хъарммæ. Бирæ йæм фæкастæн. Текко мæм къуыбырæй дзуры: «Цы у уый?» Ницы дзуапп дæттын – зæрдæйы тугтæ кæлынц. Дзурын лæппумæ. Нæ хъал кæны... Мæнæ райхъал ис. Ныуулæфыд, асæрфта йæ цæстытæ, ракасти. Æнахуыр тæрсгæ каст кæны – хæйрæг мæ æнхъæлы, æвæццæгæн. Загъта, кæцæй фæцис ацы адæймаг нæ хохы, куы никуы федтон ахæм ныры онг. Дзурын æм: «Кæй лæппу дæ?» Ницы дзуапп дætты. Фæрсын æй: «Къорайаг дæ?» Зæгъы мын: «О». «Æмæ кæй дзæбæх лæппу дæ, ма тæрс?» «Æз (нал ын зонын йæ мыггаджы ном) – Габоцийы». Йæ уæлæ нымæтхуды зæронд. Кæрцы къæрид – астæумæ, хæлынæй. Сæныкдзармæй йыл зæнгæйттæ. Къæхтыл æрчъитæ. Сæры хъуын арц сбадти: гом – къахæй дæр, къухæй дæр. Фæрсын æй: «Мад дын ис?» Зæгъы: «Нæй». Бирæ ма алæууыдтæн йæ цуры, систон ын сау суари мæ дзыппæй æмæ йын æй радтон».

* * *

Æмдзæвгæ «Асин» ныффыссынмæ Алиханы, æвæццæгæн, Библийы иу хабар бацырын кодта, бæлвырддæрæй та – Иаков Харранмæ цæугæйæ æхсæвæддæ куы баззад, уæд цы фын федта, уый: «мæнæ зæххыл лæууы асин, йæ сæр та æндзæвы арвыл; æмæ мæнæ Хуыцауы Зæдтæ схизынц æмæ æрхизынц уыцы асиныл» (Уонынад, 28:12).

Библийы мотивы цыма поэт йæ удæн парахат хæтæнтæ-тæхæнтæ ссардта, йæ цардцыбæл фантази цыма уыцы æгæрон дунейы йæ къабæзтæ аивæзта.

*Уæлæмæ асиныл цæуæм,*
*Уæлæмæ.*
*Кæуæм,*
*Куы ’ркæсæм асинæй дæлæмæ.*
*Мæ хæлар, кæс!*
*Ды ризыс... Хауыс!*
*Дæхи уæлæмæ хæсс –*
*Бынæй цы дауыс?!*
*Нæ асин у бæрзонд,*
*Фæцыд уæлæрвтæм.*
*Хæссæд дæ, цæй, дæ зонд*
*Дæлдзæхæй æрвтæм.*
*Ныр мах ыстъалыйыл лæууæм –*
*Цæуæм мах хурмæ.*
*Цæуæм, цæуæм, цæуæм*
*Уæ цурмæ.*

* * *

*Кæд дæ фæнды тæхын уæларвмæ,*
*Кæс æм уæд дардмæ*
*Æхсæв.*
*Кæд дæ фæнды цæуын дæлдзæхмæ,*
*Уæд кæс æхсæвмæ*
*Дзæбæх.*

*Кæд дæ фæнды цæрын нæ зæххыл –*
*Æрбад йæ æххыл...*
*Фæсудз.*
*Кæд дæ фæнды цæрын сыгъдæгæй –*
*Цæрæд фæздæгæй*
*Дæ уд.*

*Дæ зæрдæ кæд, мыййаг, нæ зары –*
*Кæн æй æвзалы,*
*Йе – сæг.*
*Кæд рухс дæ зæрдæмæ нæ кæсы,*
*Уæд уарз ды хæфсы*
*Æцæг.*

Æмдзæвгæйæн схонæн ис вариаци К. Бальмонты темæйæн. «Если хочешь» – афтæ хуыйны уырыссаг поэты уацмыс. Йæ мидис дæр æмæ йæ формæ дæр сты æндæрхуызон. Иугæр цæрыс, уæд цæр. Хæлуарæджы тын дæ фесафын фæнды – райдай хæлуарæгæн йæхицæй. Зарын дæ фæнды – дæ зарæг зæлланггæнаг уæд. Цæрын дæ фæнды – цæр. Кæд царды айдагъ ахæстæттæ æмæ къултæ ис, уæд фест домбай уылæн æмæ цæлхдуртæ ныффалгæрон кæн. Кæд къултæ дæуæй тыхджындæр сты, уæд сыл базгъæлæнтæ у нывæфтыд танхъайау. Цæвиттон, кæд цæрыс, уæд цæр æмæ дæхиуыл макæд ауæрд... Зæгъæн ис – хуымæтæджы ихсыд хъуыдытæ. Фыдæлтыккон ирон æмбисонд «цард тохæй у» цы ’вдисы, уымæй уæлдай дзы ницы уынæм, фæлæ æмдзæвгæ стыр хорзы бацыд Алиханæн, йæ фантази йын базмæлын кодта, æмæ райгуырди дзыхъхъынног уацмыс – оригиналон фæлгонцтæ, хæдхуыз ритм æмæ сыгъдæг æнкъарæнтæй нывæст.

Æндæр авторты мотивтæ кæмæ фæхæццæ, ахæм æмдзæвгæтæ ма поэтмæ ис цалдæр. Зæгъæм, «Хæцаг калм...» ныффыссынæн фæахъаз Поль Верлены «Гул полных кабаков...» (уырыссаг æвзагмæ йæ 1911 азы раивта Валерий Брюсов). Францаг поэт æвдисы Парижы нывтæ: æнæфснайд уынгтæ, скъуыдтæ, пырхытæ асфальт, астæрды дуртæ, адæм æмæ æфсæйнаджы хъыррыстгæнаг хаос, чъизи кабареты – расгуытæ, уынгты – фæллад кусджытæ æмæ пъæлицæ... Алиханæн та йе ’мдзæвгæйы «аразæн æрмæг» сты: «хæцаг калм», фæздæгæй дзаг талынг лæгæттæ, сидзæрты цæссыгтæ (Алиханмæ – «цæсгуытæ»), бызгъуырты тыхт гуыбыр адæм, хæкъуырццæй чи кæуы, уыцы скъæфт чызг, «куыст-хиды тæф», «зæронд зæппæдзтæ», «æнгузы тæф», «хæххон уæлдæф» – цыбыр дзырдæй, æмдзæвгæ кæсгæйæ нæ цæстыты цур сысты мæгуыр хохаг хъæуы фæлгонц.



ФИДÆРÆТЫ Фидæры конд ныв.

Æндæр ныхæстæй Алихан Верлены бындурон хъуыды «и это путь мой к раю»-йыл самадта сыгъдæг ирон уацмыс. Æвæццæгæн, нæ фæрæдийдзынæн, Алихан ацы хъуыддаджы, ома, æндæр авторты уацмыстимæ кусгæйæ, Къостайы традицийыл хæст уыди, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд. Мæ хъуыды раст кæй у, уымæн ма æвдисæн – æндæр æмдзæвгæ «Хохы цард». Фыст у Федор Сологубы «Веселая народная песня»-мæ гæсгæ. Фæлæ йæ Алихан рацарæзта ирон уагыл, бауагъта дзы хохæгты тыхстæгтæ, сагъæстæ, стæй йæхи уды рис, йе ’рвылбоны катай, мæт. Мæнæ Сологубы текст:

*Что вы, старцы, захудалы.*
*Таковы невеселы,*
*Головы повесили?*
*«Отошшали!»*
*Что вы, старые старухи,*
*Таковы невеселы,*
*Головы повесили?*
*«С голодухи!»*
*Что вы, парни, тихи стали,*
*Не играете, не скачете,*
*Все ревете, плачете?*
*«Тятьку угнали!»*
*Что вы, детки, приуныли,*
*Не играете, не скачете,*
*Все ревете, плачете?*
«Мамку убили!»

Алиханы æмдзæвгæйæн йæ ритм дæр бынтон æндæр у. Алы строфайы дæр – æхсæзгай рæнхъытæ. Кæд Сологубмæ цыппар строфайы ис, уæд Алиханмæ та – фондз. Фæлæ сæйрагдæр уый у, æмæ та ам дæр ирон поэт йæ уацмысæн æрмæг кæй райста йæхи адæмы цардæй. Хæхты нывтæ, хохæгты ныхасы уаг – æппæтыл дæр зыны национ колориты нысæнттæ. Уымæн схуыдта автор йæ уацмыс «Хохы цард». Цæстытыл уайынц, сыджыт йæ хуымтæм æккойæ чи хæссы, уыцы мæгуыр хохæгтæ, уазал къæсты фæздæг удхарæй кæй мары, афтæмæй къонайы артыл фуфу чи кæны, уыцы сидзæргæстæ, ирæд бафидын йæ бон кæмæн нæу, уыцы усгур лæппутæ æмæ а. д.

Æмдзæвгæтæ «Куырд кæнын» æмæ «Цæмæн?» та фыст сты Бальмонтмæ гæсгæ (хуыйнынц «Кузнец» æмæ «Зачем?»), хицæн рæнхъытæ дзы – комкоммæ тæлмац: «Фæздæг æмæ арты цур бирæ дзырдтæ арын» («Возле дыма и огня много слов я создаю»); «Милæйдзаг цæсгомимæ æз кæсын мæ цардмæ» («С запылившимся лицом я смотрю на жизнь мою»); «Дæуæн æз кувын саумæйдар æхсæв» («Тебе молюсь в вечерней мгле»); «Цæй тыххæй радтай Ды мæнæн зæрдæ уæлæрвон?» (Зачем ты даровал мне душу неземную?»); «Цæмæн цæвдызтай мæн зæхмæ?» («И приковал меня к земле»).

В. Брюсов 1906 азы афтæ фыста: «В течение десятилетия К. Бальмонт неразделно царил над русской поэзией. Другие поэты или покорно следовали за ним, или с большими усилиями отстаивали свою самостоятельность от его подавляющего влияния» (В. Брюсов. Среди стихов: 1894-1924. Манифесты, статьи, рецензии. М., «Советский писатель», 1990, 219 ф.). Уымæ гæсгæ диссаг нæу, Токаты лæппу дæр, æрыгон поэт уæвгæйæ, Бальмонты поэзи йæ зæрдæмæ арф кæй айста, уый. 1917 азы Ригæйы цы æмдзæвгæ ныффыста, «Æз кæуын, дзыназын...», зæгъгæ, уым спайда кодта Бальмонты иу аивадон фæрæзæй. Уырыссаг поэты «Я мечтою ловил уходящие тени»-йы алы æнæкъайон рæнхъы дыккаг хай дæр фæлхат цæуы, йæ хæдфæстæ цы рæнхъ вæййы, уый райдайæны. Цæмæй чиныгкæсæг ацы ритмикон-эмоционалон фæзилæн йæхи цæстæй фена, уый тыххæй æмдзæвгæйæ райсæм иу строфа:

*Я мечтою ловил уходящие тени,*
*Уходящие тени погасшего дня,*
*Я на башню всходил, и дрожали ступени,*
*И дрожали ступени под ногой у меня.*

Æвæджиауы поэтикон æрхъуыды! Иттæг хорз сбадти, сфидыдта Алиханы тексты дæр. Дарддæр ыл ныхас кæй цæудзæн, уымæ гæсгæ йæ дæттын æнæхъæнæй:

*Æз кæуын, дзыназын, æз фæниуын, ниуын,*
*Æз фæниуын, ниуын, фехъусыс мæ, цы?*
*Сау зæрдæ фæсудзы мидæгæй мæ риуы,*
*Мидæгæй мæ риуы сау туджы мæцы.*
*Уалдзæгмæ бæлльыдтæн, уый цинæй рæзыдтæн,*
*Уый цинæй рæзыдтæн карз зымæджы æз.*
*Уалдзæг мæ фæсайдта, раджы уый нæ зыдтон,*
*Раджы уый нæ зыдтон, сæфдзæни мæ рæз.*
*Тарф зымæг мæ хордта, тарф зымæг мæ надта,*
*Тарф зымæг мæ надта, зæрдæ дзы ныссуй.*
*Уалдзæг мæ фæсайдта, дидинджытæ радта,*
*Дидинджытæ радта сау халонæн уый.*

*Сау халон фæхæссы, сау халон сæ хъазы,*
*Сау халон сæ хъазы фаджысы сæрыл.*
*Уый мæнмæ ныр уасы, адæмы туг нуазы,*
*Адæмы туг нуазы алы ран зæххыл.*

*Нал фæразын зæххыл, фескъуыйы мæ зæрдæ,*
*Фескъуыйы мæ зæрдæ, тоны та мæ риу.*
*Бахус и мæ хъæлæс, нал хъуысынц мæ хъæртæ.*
*Йа Хуыцау, мæ хъæртæй фехъуысæд дæм иу!*

Бальмонт дæр æмæ Алихан дæр цы поэтикон мадзалыл фæхæст сты, уый æнæмæнг æфтауы се ’мдзæвгæты эмоцион мидхъаруйыл, уыимæ уыцы эмоцион хъару иу строфайæ иннæмæ хизы хъомысджындæргæнгæйæ æмæ фæстагмæ схæццæ вæййы йæ кульминацимæ. Уæлæмæ хизыны архайдæн Алиханы æмдзæвгæйы стыр ахъаз сты, фæлхатгæнæг рæнхъыты кæрæтты цы мивдисджытæ ис, уыдон: ниуын, рæзыдтæн, нæ зыдтон, надта, радта, хъазы, нуазы... Фæстаг строфайæн йæ рæнхъыты кæрæтты мивдисджытæ нал ис, уымæн æмæ архайд йæ кульминацимæ схæццæ – ныр кæронæй æвæрд æрцыдысты архайд æххæстгæнджытæ: зæрдæ, хъæртæ.

Адæймаджы цымыдисы æфтауы æндæр хабар дæр: фæлхат цæуынц рæнхъыты тæккæ тыхджындæр хæйттæ («æз фæниуын, ниуын», «мидæгæй мæ риуы», «уый цинæй рæзыдтæн», «раджы уый нæ зыдтон», «сау халон сæ хъазы», «адæмы туг нуазы» æмæ а. д.).

***Уыдзæн ма.***

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, финсæг, публицист, тæлмацгæнæг Асати Николайи фурт Реуази райгурдбæл 15 июли æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1923-2007).**

*Ромен РОЛЛАН (1866-1944), францусаг финсæг: «Аци уæлзæнхон дуйней ес айдагъдæр еунæг амонд – аразун, фæлдесун. Цæруй, ести ка фæлдесуй, аразуй, е. Царди еугур цийнитæ æнцæ исфæлдистадон цийнитæ. Неци архайун – адæймаги сахъаттæн сæ тæккæ лæгъуздæр...»*

ЦАРД ÆМА ИСФÆЛДИСТАДÆ

# ИТАУГÆ КА КÆНУЙ, БÆРКÆДТÆ ДÆР Е ХÆССУЙ!..

## РАЙДÆДТА ÆХСÆНАДÆМОН ЛИТЕРАТУРОН ПРЕМИ «БОРÆМÆЛГЪÆ» РАЙСУНИ ФÆДБÆЛ КОНКУРС




Республикæ Хонсар Иристони Минæвайрадæ Уæрæсей Федераций куд игъосун кæнуй, уотемæй 2023 анзи дæр бабæй арæзт цæуй Æхсæнадæмон литературон преми «Борæмæлгъæ» райсуни фæдбæл конкурс. Мадзал арæзт цæуй преми «Борæмæлгъæ»-йи совети хæццæ еумæ.

Преми райсунмæ бадæттæн ес, ирон æма уруссаг æвзæгтæбæл финст, уæдта авторон тæлмацæй тæлмацгондæй уацаутæ, романтæ, радзурдтæ, æмдзæвгитæ æма имисуйнæгтæ.

Преми райсунмæ бадæттæн ес, 2021 анзи 1 январæй фæстæмæ литературон журналтæ æма альманахти, уæдта дзиллон хабархæссæг æндæр фæрæзнити ци уадзимистæ мухургонд æрцудæй, уони дæр.

Литературон ериси архайуни фадуат ес, 14 анземæй 41 анзи уæнгæ кæбæл цæуй, еугур еци адæймæгутæн.

Ирон æвзагбæл ка финсуй, еци авторти премитæ лæвæрд æрцæудзæнæнцæ уæхæн бæрцитæй:

фиццаг преми – 60 мин соми;
дуккаг преми – 40 мин соми;
æртиккаг преми – 30 мин соми.

Уруссаг æвзагбæл ка финсуй, еци автортæн преми лæвæрд æрцæудзæнæй еу номинаций 60 мин сомей бæрцæй.

Литературон преми «Борæмæлгъæ» райсуни фæдбæл конкурсмæ æрмæгутæ ист цæудзæнæнцæ 2023 анзи 30 октябри уæнгæ.

Конкурси архайуни фæдбæл лæмбунæгдæр хабæрттæ базонæн ес, премий секретариатмæ бадзоргæй, телефон:

+7 (495) 644-27-57.

***Республикæ Хонсар Иристони Минæвайрадæ Уæрæсей Федераций, Æхсæндуйнеуон литературон премий «Борæмæлгъæ»-йи совет.***

РАГОН ХАБÆРТТÆ – ЗУНДАМОНÆГ

# ÆМА АМОНДХÆССÆГ ИССÆЙ БИЙНОЙНАГИ АГЪАЗ

Америкаг финсæг Натаниел Готорнæн æ еузæрдиуон цардæмбал æма лимæн София ку нæ адтайдæ, уæд, æвæдзи, дуйней литератури номдзуддæр адæймæгути фарсмæ æ ном нæ фæззиндтайдæ.






Еуужхæни Натаниел сæхемæ æрбацудæй нифссастæй, уонтæхъел æма сæргубурæй æма æ усæн загъта, мæ кустæй мæ ратардтонцæ, зæгъгæ. Косгæ ба кодта илциесæни (налоговая).

– Хъæбæр хуарз, – игъæлдзæгæй загъта усæ. – Нур дин заммаинай фадуат ес дæ киунугæ ниффинсунæн!..

– Куд нæ! – мæтъæлæй загъта Натаниел. – Æма цалинмæ киунугæ финсон, уæдмæ ба цæмæй цæрдзинан?

Лæг десæй рамардæй, София скъаппи лагъз ку раласта æма си æхцати устур цъæпæра ку исиста, уæд.

– Кæцæй дæмæ æрбахаудтæнцæ?! – фæгъгъæр кодта Натаниел.

– Устур курдиади хецау ке дæ, уой алкæддæр зудтон, – загъта усæ. – Федарæй ми æруагæс кодта, еуужхæни адæмæн æмбесонди киунугæ ке ниффинсдзæнæ, е. Гъема, ци мизд мæмæ радтисæ, уомæн æ еу хай бафснайинæ... Аци æхца нин анзи фагæ уодзæнæнцæ…

Гъе уотемæй зундгин, уарзон силгоймаги фæрци америкаг литератури фæззиндтæй Натаниел Готорни агъазиау роман «Сурх дамугъа».

***Нидо КУБЕЙН***

ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ, ЗОНУЙНÆГТÆ...

# КÆД УÆ ЕСТИ ХАБАР ФЕГЪОСУН КÆНУН ФÆНДУЙ...

**Республикон газет «Дигорæ» хецæн адæймæгутæ, кустæттæ, кооперативтæ, аллихузон фирмитæ, кинотеатртæ, клубтæ æма салонтæй есуй аллихузон игъосункæнуйнæгтæ – бæрæгбæнттæ, кувдтитæ, киндзæхсæвæртæ æма райгурæн бæнтти фæдбæл арфитæ, тæфирфæстæ, имисæн бæнтти æрмæгутæ, рекламæ.**

**КОСГÆ БÆНТТÆ – авдисæр, геуæргибон, æртиккæг, цуппæрæн, майрæнбон (9 сахаттемæй 18 сахеттей уæнгæ).**

**25-67-03**




РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..




*Еу зундгин лæги бафарстонцæ:*

*– Кæмæй истай зунд?*

*Æма син æ дзуапп адтæй:*

*– Хъæрæутæй!.. Хъæрæу æ къах не 'ривæрдзæнæй, рагацау æ лæдзæгæй ке не 'сбæрæг кæна, уæхæн рауæни…*

*Еци лæги курухон загъд цæмæдесаг æй уомæй, æма адæймаг æ цардвæндагбæл цæугæй цæмæй рæствæндаг уа, уой туххæй гъæуама æ зунди дзæкъолæ, куд фулдæр гæнæн æма амал уа, уотæ идзагдæргонд цæуа зонундзийнæдтæй. Мæнæ абони нæ газети ци нæуæг хайгонд игон кæнæн, е дæр уин, ка 'й зонуй, уоми еуцæйбæрцæдæр фæййагъаз уодзæнæй…*

**1 Дуйнебæл тæккæ цубурдæр тугъд рауадæй æдеугурæй 38 минутти. Уайгæ ба ке 'хсæн ракодта, еци æфсæдтæ адтæнцæ:**

а) Англи æма Занзибари; б) Монако æма Мальтий; в) Германий æма Ботсваний.

**2 Инсектицид ДДТ (зундгонд æй куд дуст), нуртæккæ си пайда кæнун тобæгонд æй, мæри изайунгъон æй:**

а) фондз анзей уæнгæ; б) дууадæс анзи; в) инсæй анзей уæнгæ.

**3 Астæуздамани хотухдарти бууцæу еристи нихмæ лæугутæй е састбæл нимад нæ цудæй:**

а) саргъæй æй ку расхуайиуонцæ; б) æ герби хæццæ уарт ку æрхауидæ; в) æ уартбæл арцæ ку басæттидæ.

**4 Уæрæсей паддзах Николай I æ минæвар Америки Еугонд Штаттæмæ æрветгæй ин карзæй-карздæрæй ниффæдзахста:**

а) адæймаги фид нæ хуæрун; б) америкаг силгоймаги æ бийнойнаг искæнун; в) (волантæй) бадминтонæй гъазун.

**5 Куд нимад цæуй, уотемæй исторlooй фиццаг силгоймаг-ахургонд адтæй Мерит Птах. Недзамайнаг Египти нимади адтæнцæ е 'скъуæлхтдзийнæдтæ:**

а) астрономий; б) математики; в) медицини.

**6 Цал фæсарæйнаг æвзаги зудта номдзуд дипломат æма финсæг, зундгонд комеди «Горе от ума»-й автор Александр Грибоедов:**

а) фондз; б) фараст; в) дууадæс.

Ци дзуæппитæ равзурстайтæ, етæ раст æнцæ æви нæ, уой базонун ба уин равгæ уодзæнæй нæ газети иннæ номери – уоми мухургонд уодзæнæй, æцæгæй раст дзуæппитæ.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1530.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 14.07.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 14.07.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**